

Pwoteje Ou De Grip Avyè: Enfòmasyon pou Sant Timoun Piti ak moun k'ap bay swen

Grip avyè, ke yo rele tou Grip Avian, H5N1, oswa HPAI, se yon enfeksyon viral ki sitou afekte zwazo yo, men yo ka gaye bay moun ak lòt bèt.



Yon epidemi grip avyè ap touye zwazo sovaj, espesyalman zwazo ak kanna ak bèt volay tankou poul ak kodenn. Grip avyè gaye tou byen vit nan bèf ki bay lèt chak jou epi yo ka afekte lòt bèt yo.

Grip avyè pwopaje lè:

- Zwazo ki enfekte jete viris la nan krache yo, glè, ak pou pou.
- Lè bèt ak moun rantre an kontak ak zwazo ki malad, mouri, oswa ki blese epi likid yo.

Yo te idantifye H5N1 nan lèt kri ak kèk manje kri pou bèt kay.



Di pwofesyonèl swen sante w la si timoun ou an genyen sentòm epi te an kontak ak zwazo sovaj oswa lòt bèt, oswa te konsome lèt kri oswa fwomaj kri.

Rete an sekirite

Si posib, evite vizite fèm bèt volay, mache zwazo, oswa lòt kote yo leve bèt volay vivan, gade yo, oswa vann yo. Eitou ranvwaye vizit nan pak zoolojik kote ou ka manyen bèt yo.

Zwazo ka pote H5N1 menm si yo pa sanble malad.

Rete enfòme

Sa se yon epidemi ki fèk ap kòmanse. Li enpòtan pou rete enfòme sou dènye nouvèl ak chanjman yo.

Pou aprann plis, vizite:
bit.ly/BirdFlu2025.

Sentòm H5N1

- Konjonktivit oswa je wouj
- Lafyèb (plis pase 98.6 °F)
- Tous
- Difikilte pou respire
- Doulè pwatrin
- Doulè nan misk oswa fatig
- Nen k'ap koule oswa ki bouche
- Gòj fè mal

Ki jan sant pou ti anfans ak swanyan yo ka anpeche pwopagasyon Grip Avyè?



- Anseye timoun yo pou yo pa manyen zwazo sovaj, poul, oubyen lòt bèt sitou nan kote tankou pak zolojik koute moun ka manyen bèt yo, fèm, fwa, oubyen evènman lekòl. **Zwazo yo ka pote viris H5N1 la menm si yo pa sanble malad.**



- Fè timoun ak moun k'ap bay swen yo sonje pou evite manje ak bwè, bay timoun manje, manje zong yo, oswa manyen figi yo nan zòn kote bèt yo ye.



- Asire ou ke nenpòt moun ki manyen bèt lave men yo avèk savon ak dlo imedyatman.



- **PINGA** ou bwè lèt kri oswa ki pa pasterize, manje fwomaj kri, oswa mante pwodwi ki fèt ak lèt kri.
 - Kwit bèt volay, ze, ak vyann bèf byen.

Deklare zwazo sovaj ki malad oswa ki mouri yo bay PA Game Commission an (833-PGC-Hunt). Deklare zwazo ki malad ou konsève yo bay Biwo Sante Bèt ak Sèvis Dyagnostik PA a (717-772-2852, opsyon 1).

Chèche atansyon medikal si pitit ou gen sentòm grip ki sanble ak je wouch epi li te an kontak ak bèt.